

# LENTERA

LENgang penggalih nampi TEntrem

RAhayu

(Beristirahat sejenak menerima damai sejahtera)

Edisi November 2024



UNTUK KALANGAN SENDIRI

BAHAN PA GKJ Bejiharjo

Diterbitkan oleh:  
**Bidang PWG GKJ Bejiharjo**

## BAHAN PA 4 – 9 NOVEMBER 2024

1. **Wekdal Ening**
2. **Kidung KPJ 61:1,2**
3. **Pandongga**
4. **Pamaosing Kitab Suci: Pangandharing Toret 30:11-20**
5. **Renungan**

### “Pilihan”

Bu Kanan lan bu Kiri sami-sami kagungan pategalan. Bu Kiri punika prigel, temen, tur mepeng anggenipun nggulowentah pategalan punapa dene tanemanipun. Benten kaliyan bu Kanan ingkang nggulowentah pategalanipun manut kaliyan pikajengipun menawi rumaos kober. Menawi rumaos mboten kober, lajeng ditogaken kemawon. Rikala dumugi wancinipun panen, benten sanget kasilipun. Bu Kiri ngraosaken kasiling panen ingkang kathah saha prayogi. Wondene bu Kanan namung panen sakedhik saha mboten prayogi kasilipun. Cariyos punika badhe nedahaken kadospundi pilihan-pilihan ingkang kita pendhet lan putusaken sanget nemtokaken samukawis ing pagesangan kita.

Wonten ing waosan kalawau, Musa mapanaken bangsa Israel kinen sami nggalih pilihan-pilihan lan nemtokaken keputusan, “urip lan karahayon” utawi “pati lan kasangsaran” (ayat 15) – kacariyos ugi wonten ing bab 11:26-28. Menawi bangsa Israel sumadya mbangun miturut dhumateng Gusti, sakathahing berkah lan karaharjan badhe ngiring gesangipun ing tanah prajanjian (ayat 16). Suwalikipun, menawi sami mbalela dhumateng Gusti lajeng ngabekti marang allah sanesipun, laknat badhe dhumawah ngantos umat bakal sami katumpes (ayat 17-18). Punika sanes bab Gusti Allah ingkang tegel numpes umatipun utawi tanpa welas asih. Ananging panci kados mekaten kapitadosan rikala semanten ingkang dhasaripun tansah sambung-rapet kaliyan prajanjian antawis Gusti Allah lan umat Israel.

Prajanjian punika tansah nengenaken wigatosing kasetyan antawis Gusti Allah saha umat Israel. Kanthi Gusti maringaken pilihan kangge umat mbangun miturut utawi mbalela punika nedahaken bilih prajanjian punika sifatipun mbetahaken *komitmen*

saking kalih pehak. Gusti prajanji mberkahi, mila umat kedah milih kangge setya dhumateng Gusti. Sadaya punika memucal, bilih umat badhe binerkahan ing tanah prajanji mboten namung gumantung saking kamirahanipun Gusti, ananging ugi keputusanipun kangge gesang manut prajanjian utawi mboten. Basa sanesipun, pilihan utawi keputusan ingkang dipun pendhet dening umat punika nedahaken wujud tanggel jawabipun.

Sabdanipun Gusti paring piwucal dhateng kita bilih gesang punika kebak pilihan-pilihan ingkang mbekta konsekwensi nyata. Gusti paring kanugrahan arupi kamardikan, *kebebasan*, kangge kita miji samukawis, ananging pilihan kita punika badhe mbekta kasil ingkang jumbuh kaliyan tumindak kita. Conto prasaja, disiplin njagi pola makan temtunipun badhe ndadosaken badan langkung sehat, katimbang menawi kita kadidene “bagor diklambeni” alias ngawur utawi sembarangan anggenipun dhahar. Mila, saben pilihan utawi keputusan ingkang kita pendhet perlu sanget dipun dhasaraken wonten ing karsanipun Gusti saha pangandikanipun.

### **Diskusi:**

1. Punapa sebabipun manungsa saged asring condhong miji bab ingkang cengkah kaliyan karsanipun Gusti sinaosa mangertosi konsekwensipun?
2. Kadospundi kita saged mangertosi (*mengenal*) punapa pilihan kita sampun saestu mbekta kita dhateng gesang ingkang binerkahan utawi malah saya nebih saking Gusti?

### **6. Kempaling Pisungsung Kairingan KPJ 97:1,2**

### **7. Pandonga**

## BAHAN PA 11 – 16 NOVEMBER 2024

1. **Wekdal Ening**
2. **Kidung KPJ 370:1,3**
3. **Pandong**
4. **Pamaosing Kitab Suci: Mikha 6:1-8**
5. **Renungan**

### “Dinten Pahlawan”

Saben tanggal 10 November kita mengeti Dinten Pahlawan. Satunggaling wekdal ing pundi kita ngeling-eling lelabetanipun para pahlawan ingkang sampun mbudidaya, *berjuang*, kangge kamardikaning bangsa lan negari kita Indonesia. Tegesipun, ing suwaliking perjuangan kamardikan punika tinemu wujud nyata saking perjuangan kangge kapentingan punapa dene kasaenan tiyang kathah, lan mboten namung kapentingan pribadi. Wonten ing gesang kita wekdal punika, kita asring nyumerepi tiyang-tiyang sami tetulung satunggal lan satunggalipun. Semangat kangge tetulung dhateng tiyang sanes punika sayektosipun nelakaken wujud nyata saking *tindakan kepahlawanan* ingkang saged kita panggihaken lan tundakaken ing gesang padintenan.

Emanipun, tumindak kangge kasaenan tiyang sanes mboten kapanggihaken ing waosan kalawau. Lumantar Mikha minangka nabinipun, Gusti Allah melehaken umatipun awit gesangipun mbalela lan cengkah kaliyan karsanipun Gusti. Sepisan, sami mangro manahipun awit ugi ngabekti dhateng ilah-ilah sanes manut kaliyan bangsa-bangsa sakiwa tengenipun (Mikha 1:7; 5:12-14). Kaping kalih, panci umat punika tetep nindakaken sawernining pangibadah lan ritual agami dhumateng Gusti, ananging kanyata sami dhumawah ing *formalitas* kemawon tanpa wonten ewah-ewahan sejati. Sami misungsungaken kurban ananging tumindak mboten adil lan nindes dhateng sesaminipun. (ayat 10-12). Tegesipun, lamis kemawon anggen sami nelakaken pangabekti dhumateng Gusti.

Kamangka Gusti Allah sampun nelakaken sih rahmatipun ingkang ageng sanget tuwin karsa ngluwari umat saking Mesir (ayat 3-5). Langkung saking punika, ingkang dipun kersakaken Gusti punika sayektosipun sanes maneka warni kurban, ananging namung

umat ingkang saestu tansah mbangun miturut dhumateng Panjenenganipun. Kacetha wonten ing ayat 8, inggih punika tumindak adil, tresna marang laku setya, saha andhap asor. Tegesipun, pambangun turut dhumateng Gusti punika kedah kapratelakaken lumantar katresnan nyata dhateng sesami.

Saking waosan punika kita nyinau bilih dados pahlawan ing dinten-dinten sapunika mboten salaminipun kedah berjuang wonten ing medan perang. Kita saged dados pahlawan ugi nglajengaken perjuanganipun para pahlawan kanthi tumindak adil lan mboten nindes sesami, kanthi peduli dhateng kapentingan tiyang sanes lan mboten kapentingan pribadi, saha andhap asor inggih punika mboten mawang asor tiyang sanes lan rumaos dhirinipun langkung sae tinimbang asanes. "*Kepahlawanan punika kawiwitan saking tumindak prasaja ingkang saged kita tindakaken kangge kasaenanipun tiyang sanes*". Sugeng Dinten Pahlawan!

### **Diskusi:**

1. Mikha melehaken bangsa Israel amargi wontenipun *ketidakadilan sosial* saha *penyimpangan moral*. Miturut panjenengan punapa perkawis kados mekaten ugi wonten ing satengahing masyarakat kita? Punapa contonipun?
2. Miturut panjenengan, kadospundi kita saged mujudaken "kaadilan, tresna dhateng kasetyan, lan andhap asor" wonten ing konteks gesang kita wekdal punika?

## **6. Kempaling Pisungsung Kairingan KPJ 362:1,3**

### **7. Pandonga**

## BAHAN PA 18 – 23 NOVEMBER 2024

1. **Wekdal Ening**
2. **Kidung KPJ 316:1,2**
3. **Pandonga**
4. **Pamaosing Kitab Suci: Markus 10:13-16**
5. **Renungan**

### “Dinten Anak Internasional”

Tanggal 20 November punika Dinten Anak Internasional, inggih punika satunggaling pahargyan kangge mengeti saha *mempromosikan kesejahteraan* para lare tuwin sadaya wenangipun. Dinten Anak Internasional punika anggadhahi wosipun kangge kangge ningkataken kesadaran babagan kabetahani para lare kadosdene *hak hidup*, pikantuk pendidikan ingkang murwat, pikantuk pangayoman (perlindungan), uwal saking sadaya kekerasan, saha *akses* kangge kesehatan. Ancas tujuanipun mbereg masyarakat lan pamarentah kinen mujudaken tumindak nyata kangge mesthekaken sadaya lare saged ngraosaken *masa kanak-kanak* ingkang aman saha *bermartabat*.

Gusti Yesus paring patuladan ingkang prayogi sanget kanthi nampeni para lare ing waosan sewau. Rikala semanten para lare asring kaanggep kirang penting ing satengahing masyarakat Yahudi. Satunggaling tiyang punika dipun ukur saking umur saha statusipun, linangkung menawi sampun diwasa saha anggadhahi kalenggahan ing satengahing masayrakat. Satata keagamaan, para lare kaanggep taksih tebih saking kasagedan kangge mangertosi, kepara wonten ugi pamawas bilih para lare malah saged nganggu ing satunggaling upacara. Ringkesipun, para lare kaanggep “*durung gaduk kuping*” mila asring kaanggep mboten penting lan dereng saged paring satunggaling kontribusi.

Milanipun, punapa ingkang katindakaken dening Gusti Yesus nelakaken bilih sayektosipun para lare punika aji sanget wonten ing ngarsanipun Gusti. Linangkung, para lare sinebat dening Gusti minangka ingkang anggadhahi Kratonipun Allah. Lumantar pangandika punika, sayektosipun Gusti Yesus ugi saweg memucal kinen sadaya tiyang punika sageda kadosdene para lare, inggih

punika anggadhahi raos tulus, saha gumantung saestu dhumateng Gusti Allah.

Adedhasar sadaya punika, Gusti Yesus ngutus supados para kagunganipun saged tansah mbudidaya mujudaken lingkungan ingkang aman saha tansah *mendukung tumbuh kembang* para lare. Mboten namung satata kajasmanen, ananging ugi karohanen. Kanthi mekaten, kita sampun mbiyantu para lare rumaos dipun tresnani lan dipun aosi. Mekaten ugi, kita saweg paring *bekal* kangge para lare ngadhepi sawernining perkawis ing wekdal-wekdal mengajeng. Sisih sanes, para lare punika mboten namung ingkang kedah dipun tuntun, ananging ugi saged dados mitra tunggil lampah ingkang nedahaken patuladan bab pambangun turut ingkang tulus dhumateng Gusti. Kadosdene tiyang diwasa, para lare punika ugi anggadhahi kaprihatosanipun piyambak. Mila Dinten Anak Internasional ugi ngatag kita para tiyang diwasa, sageda dados *pendengar yang baik* kangge para lare, maringaken wekdal mirunggan kangge para lare saged nglairaken sadaya *perasaan* lan pangajeng-ajengipun.

### **Diskusi:**

1. Ing satengahing patunggilan kita, punapa ingkang miturut panjenengan saged katindakaken kangge mangertosi saha nyengkuyung kabetahaken emosional para lare?
2. Miturut panjenengan, kadospundi kita saged mbiyantu para lare ngrembakaken imanipun ing satengahing sadaya tantangan ingkang dipun adhepi ing gesang padintenan?

### **6. Kempaling Pisungsung Kairingan KPJ 326:1,2**

### **7. Pandonga**

- 1. Wekdal Ening**
- 2. Kidung KPJ 87:1,2**
- 3. Pandonga**
- 4. Pamaosing Kitab Suci: Mateus 1:1-17**
- 5. Renungan**

**“Sarasilahipun Gusti Yesus”**

Saben kita mesti gadhah asal-usul. Silsilah, istilah ingkang asring kita ginakaken. Silsilah punika mboten namung daftar nami, ananging mujudaken satunggaling pakaryanipun Gusti ing sujarah gesang kita.

Waosan kalawau nedahaken sarasilahipun Gusti Yesus. Kasebat “Rama Abraham”, Rama Abraham punika wiwitanipun rancangan kawilujengan saking Gusti Allah. Lumantar tedhak turunipun, Gusti Allah prajangi sadaya bangsa badhe binerkahan. Mateus badhe nedahaken, bilih Gusti Yesus ingkang jangkepi prasetyan punika. Kasebat ugi Prabu Dawud. Satunggaling tokoh Prajanjian Lami ingkang kawentar amargi iman saha kalepatanipun. Badhe nedahaken bilih Sang Mesih rawuh ing sujarah ingkang ngedab-edabi, kalebet dosa lan sih pangapunten. Sayektosipun ugi minangka pemuat bilih Gusti Allah saged nelakaken pakaryanipun ing kawontenan ingkang mboten sampurna. Kasebat ugi Tamar (Purwaning Dumadi 38), Rakah (Yosua 2), Rut (Rut 1-4), Batsyeba. Pawestri-pawestri punika anggadhahi cariyos gesang ingkang satata norma sosial punapa dene agami, kaanggep mboten leres, mboten suci, lan nerak pranatan. Kanthi nyebataken punika, nelakaken bilih kawilujengan saking Sang Kristus mboten saged kaalingan dening kawontenan lan dosa manungsa.

Sarasilah Gusti Yesus punika mboten namung bab nami-nami, ananging nyariyosaken wetahing sih nugraha saking Gusti tuwin rancangan kawilujenganipun. Lumantar saben nami, kita nyumerepi wontenipun campuran saking katresnan, *kegagalan*, saha pangajeng-ajeng. Sadaya punika ngemutaken saha memucal kita, bilih Gusti Allah kuwaos ngginakaken sinten kemawon, kanthi *latar belakang* kadospundi kemawon kalebet ingkang kaanggep mboten

pantes, kagem mujudaken rancanganipun. Awit saking punika, kita kaatag ngaosi asal-usul kita lan nyinau mangertosi kadospundi Gusti Allah makarya ing sujarah gesang kita. Salajengipun, ugi mbereg kita supados sageda ngaosi *keragaman* ing satengahing komunitas kita. Liripun, bilih saben tiyang punika anggadahi cariyos gesangipun tuwin peranipun ingkang khas ing salebeting rancanganipun Gusti.

Minggu ngajeng kita sampun lumebet ing wiwitaning Mangsa Adven Natal. Mila lumantar sabdanipun Gusti sewau, kita kaemutaken bilih ingkang badhe kita pahargya rawuhipun inggih punika Gusti Allah ingkang panguwaosipun nglangkungi samukawis kagem mujudaken kabingahan, katentreman, saha kawilujengan tumrap sadaya kagunganipun. Sugeng cecawis, Gusti tansah ngluberaken berkahipun. Amin.

### **Diskusi:**


Mboten wonten pitakenan diskusi. Ananging tetep tinarbuka kagge sami mundhut pirsu, paring katrangan tambahan, kalebet andhum pengalaman iman linandhesan sabdanipun Gusti dinten punika, punapa dene sadaya ingkang sampun kita pirengaken ing wekdal kawuri. Mugia dados sarana kangge sami ngiyataken satunggal lan satunggalipun, nuwuhaken pangajeng-ajeng, saha ngraketaken patunggilan.

## **6. Kempaling Pisungsung Kairingan KPJ 99 sakcekapipun**

### **7. Pandonga**

**Catatan:**

**Catatan:**



Bidang PWG GKJ Bejiharjo  
Copyright @ 2021